# БУЛКЪ

Дада ныссагъта булкъ. Сыраезыд булкъ стыр – тынг стыр. Дада схæцыд булкъыл. Схæцы, схæцы, фæлæ йын стонын нæ комы. Бадзырдта дада нанамæ. Нана æрхæцыд дадайыл. Дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта нана чызгмæ. Чызг æрхæцыд нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта чызг куыдзмæ. Куыдз æрхæцыд чызгыл, чызг – нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта куыдз гæдымæ. Гæды æрхæцыд куыдзыл, куыдз – чызгыл, чызг – нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцынц, схæцынц, фæлæ йæ стонын нæ фæразынц. Бадзырдта гæды мыстмæ. Мыст æрхæцыд гæдыйыл, гæды – куыдзыл, куыдз – чызгыл, чызг – нанайыл, нана – дадайыл, дада – булкъыл. Схæцыдысты иумæ æмæ стыдтой булкъ.

